



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYON DOLA ASISTANS POU LOKATÈ KE ENSANDI MÒTÈL BRONX LA TE DEPLASE YO

Finansman an se pou ofri jesyon ka, ranplasman afè pèsònèl, asistans pou demenajman ak lwaye, ak asistans pou lòt nesesitye pou moun New York ensandi apatman East 181st Street la te frape yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 2 milyon dola asistans pou ede lokatè yon ensandi mòtèl nan yon apatman 19 etaj nan katye Tremont an nan Bronx te frape nan dat 9 janvyè. Asistans sa a, ki jwenn finansman nan men Pwogram Nesesitye ljan pou Sanzabri (Emergency Needs for the Homeless Program) Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ak nan men Kòporasyon Fon Fidisyè pou Lojman (Housing Trust Fund Corporation) Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, pral ofri lokatè yo sèvis jesyon ka, ranplasman afè pèsònèl, ak asistans pou demenajman ak lwaye pou ede okipe nesesitye ki esansyèl pou fanmi yo.

"Lè mwen te rankontre ak lokatè ke ensandi apatman nan Bronx la te frape yo, sa gen ladan anpil moun ki te imigre nan eta nou an nan lespwa jwenn lavi miyò, mwen te ka wè doulè terib la nan je yo, e mwen te pwomèt m ap ede yo rekipere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout moun sa yo ki frape yo fè pati fanmi Eta New York nou an, e nou pral ba yo sipò yo bezwen an pou rekipere. Mwen vle pou moun ki frape yo konnen nou p ap bliye ou, nou p ap abandone ou, nou la pou ou."

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Eta New York annantye pran dèy avèk moun ensandi trajik nan Bronx la touche yo, yon trajedi inimajinab ki te pran lavi presye pitit gason, pitit fi, madanm, mari, ak zanmi. Gouvènè Kathy Hochul avè m konnen pa gen mo ki kapab wete doulè pèt ke manm fanmi ak zanmi moun ki kite nou twò bonè yo ap viv la. Gras a fon pou dedomajman viktim nan, nou pral ofri moun New York parèy nou yo tout sipò yo bezwen, e nou pran angajman fè sa—nan tèt ansanm ak Vil New York—nan mwa ak ane k ap vini yo."

Sou direksyon Gouvènè Hochul, OTDA pral travay avèk BronxWorks, yon òganizasyon ki pa gen bi fè lajan ki gen kontra ak Pwogram Nesesitye ljan pou Sanzabri eta a, pou ofri jesyon ka lojman ijan ak asistans pou moun ensandi trajik la touche yo. BronxWorks pral ofri pèsònèl admisyon nan sant sèvis Vil New York la etabli yo nan

Ustin Hall nan Monroe College, ki chita toupre biwo òganizasyon ki pa gen bi fè lajan an.

BronxWorks pral ofri viktim ensandi an yo sèvis jesyon ka, ranplasman afè pèsònèl, asistans pou demenajman, asistans pou lwaye, asistans pou antèman, ak lòt sipò pou ede reponn bezwen ki esansyèl pou fanmi yo tankou pèt revni poutèt lanmò yon manm fanmi an. Fanmi ki deplase yo gen dwa resevwa lòt asistans dapre sikonstans yo.

Biwo pou Nouvo Ameriken yo (Office for New Americans) ap travay kounye a pou mete moun ki frape yo an kontak avèk asistans jiridik pou imigrasyon si sa nesèsè.

Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a anboche CVR, yon òganizasyon nasyonal ki konsantre sou bay Sibvansyon Chwa Lojman Seksyon 8 (Section 8 Housing Choice Vouchers) ak sou bay asistans pou demenajman. Òganizasyon sa a pral ede ofri fanmi ki swete demenaje yo asistans.

Ensandi ki te deklanche a nan yon apatman ki gen de (2) lojman ladan nan dezyèm ak twazyèm etaj bilding plizyè etaj la te touye 17 rezidan, sa gen ladan jèn timoun, e li te blese plis pase 40 lòt moun. Lè sa a, te gen 118 inite ki te gen moun ladan yo nan bilding nan.

Pwogram Nesesite Ijan pou Sanzabri an reponn nesosite ijan moun ak fanmi ki sanzabri ak moun ki riske vin sanzabri yo. Fon yo sèvi pou ogmante pwogram ki la deja yo ki ofri sèvis estabilizasyon e yo ede moun ak fanmi sa yo vin otonòm.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Ensandi apatman East 181 Street la kreye yon detrès terib pou lokatè bilding sa a ak fanmi yo. Pou ede yo pase chòk sa a nou dwe kòmanse pa fè yo jwenn sipò ak resous ki nesèsè yo pou rekòmanse a zewo. Gras a pwogram sa a, nou kapab ede moun ensandi an deplase yo jwenn lojman pwovizwa oswa pèmanan, ranplase afè ki donmaje epi jwenn lòt sipò pou ede yo estabilize lavi yo ak rekipere anba trajedi sa a."

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Eta New York pral kontinye fè tout sa ki posib pou ede moun trajedi sa a frape yo. Nou nan konvèsasyon aktif ak lokatè yo, ofisyèl Vil New York yo, mèt pwopriyete a, ak kominote lojman bon mache a pou ka gen opsyon pou fanmi yo ki bezwen demenajman ni akoutèm ni alontèm. Avèk kreyasyon fon enpòtan sa a, Gouvènè a montre rezidan yo pral gen sipò finansye ak resous yo bezwen yo pou rapyese mòso lavi yo epi jwenn lojman san danje."

[Administrasyon Resous Imen \(Human Resources Administration\) Vil New York la](#) ap kowòdone efò sekou imedyà yo e l ap ofri viktim yo lajan pou antèman. Kwa Wouj Ameriken an ap ofri lojman pou viktim yo pandan jiska de (2) semèn ak asistans finansye pou fanmi moun ki mouri yo.

Komisè Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (New York City Department of Social Services) Gary Jenkins te deklare, "Nou prezante kondoleyans ak senpati pi

pwofon nou bay tout moun trajedi enkwayab sa a frape, e nou pran angajman fè tout sa nou kapab pou ede lokatè sa yo pandan tan eksepsyonèlman difisil sa a. Nou fè Eta a konpliman pou inisyativ li an nan kontribye nan efò sa yo ak ofri moun New York parèy nou yo asistans vital pandan n ap travay ansanm pou ede rebati kominote sa a nan moman pi gran bezwen li."

Direktè Egzekitif BronxWorks la Eileen Torres te deklare, "Reponn bezwen vwazen Bronx nou yo a nenpòt ki moman men sitou apre yon kokennchenn trajedi konsa se kè misyon BronxWorks la. Kòm apatman East 181st Street yo chita a yon distans kèk ri sèlman biwo nou yo, fanmi ak moun ki te sibi ensandi terib sa a nou ka di se vwazen nou, donk nou fyè la pou yo pandan tan bezwen yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou bonkè li ak pou lidèchip li nan ede ofri kominote sa a resous pou li kòmanse refè anba evènman terib sa a."

Fradique Rocha, Ko-Direktè Egzekitif Jeneral, CVR Associates te deklare, "Depi plizyè ane n ap travay sere avèk moun Bronx yo e nou boulvèse devan trajedi terib sa a. Depi ensandi semèn pase a, n ap kore efò pou ede yo e nou pa ka tann pou nou mete tèt ansanm ak Eta New York pou ofri kominote sa a lòt èd li bezwen. Pi devan, nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou ede rezidan yo retounen lakay yo oswa jwenn yon lòt kote pou rete."

Pi bonè semèn sa a, Fon Majistra a pou Pwogrè Vil New York (Mayor's Fund to Advance New York City) te etabli [Fon Sekou pou Ensandi Bronx la \(Bronx Fire Relief Fund\)](#) pou ede moun ensandi an te touche yo. Anplis de sa, [Fondasyon pou Kominote Bronx la \(Bronx Community Foundation\)](#), ak [Òganizasyon Jenès Ganbyen an \(Gambian Youth Organization\)](#) ap fè levedfon pou soutni bezwen viktim ensandi an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)